

**AVI KONSÈNAN ENTANSYON POU CHANJE ÈD MEDIKAL NAN  
PWOTEKSYON ÈD MEDIKAL POU TRANZISYON**

DAT AVI A:		DAT LI ANVIGÈ:		NON AK ADRÈS AJANS/SANT OSWA BIWO DISTRI	
NIMEWO DOSYE A		NIMEWO CIN/RIM			
NIMEWO DOSYE (Ak Non C/O si li genyen) AK ADRÈS					
				NIMEWO TELEFÒN JENERAL POU KESYON OSWA ÈD _____	
				-----	
				<b>OSWA</b> Reyinyon avèk Ajans lan _____	
				Enfòmasyon sou Odyans san Paspouki ak Asistans _____	
				Aksè nan Dosye _____	
		Enfòmasyon sou Èd Jiridik _____			
NIMEWO BIWO	NIMEWO INITE	NIMEWO TRAVAYÈ SOSYAL	NON INITE OSWA NON TRAVAYÈ SOSYAL		NIMEWO TELEFÒN

Pwoteksyon medikal ou ap kontinye anba Èd Medikal pou Tranzisyon pou 12 mwa jiska \_\_\_\_\_ depi ou toujou yon fanmi k ap pran swen yon timoun depandan ki poko gen 21 lane epi k ap viv nan menm kay avèk ou.

Sa a se paske revni ou (mwens dediksyon Medicaid tankou depans sipò timoun) depase limit revni Èd pou Fanmi paske salè ou te ogmante, ou gen yon nouvo travay, oswa yo anile pèt salè ou te genyen.

Pandan w ap resevwa Èd Medikal pou Tranzisyon, ou dwe enfòm nou si w vin p ap travay, pa gen yon timoun depandan ki poko gen 21 lane k ap viv nan menm kay ak ou oswa ou te demenaje. Si ou gen asirans sante oswa li vin disponib tanpri kontakte nou. Nou ka gen posiblite pou ede ou peye prim asirans sante ou a.

Si ou gen nenpòt kesyon, rele travayè sosyal ou.

Desizyon sa a baze sou Règleman 18 NYCRR 360-3.3(c).

*RÈGLEMAN YO EGZIJE POU OU FÈ DEPATMAN SA A KONNEN TOUSWIT  
NENPÒT CHANJMAN NAN BEZWEN, REVNI, RESOUS, ARANJMAN POU VIV OSWA ADRÈS OU*

**OU GEN DWA KONTESTE DESIZYON SA A  
ASIRE OU LI PAJ DÈYÈ AVI SA A POU KONNEN KIJAN POU KONTESTE DESIZYON SA A**

